



Pou Piblikasyon Imedya: 13/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI ELAJI MEZI SEKIRITE POU TIBEBE

*Pwomilge Lwa Harper ki ekzije detayan yo pou vann dispozitif blokaj ekstremite pou nouvo mèb*

*Ekzije ankraj gwo mèb ak elektwomenaje nan sant gadri*

*Entèdi lavant bòdi pwoteksyon bèso ki resevwa blam pou lanmò ak blesi tibebe*

**Cuomo: "Kòm yon papa, mwen konnen byen anpil ou pa janm sispann sousye w de sekirite pitit ou, kèlkeswa laj yo genyen. Mezi sa yo pral ede bay paran lapè nan lespri nan yon moman vital nan lavi pitit yo epi pral ede asire kay yo oubyen sant gadri rete anviwònman ki sekirize ak pwoteje".**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te siyen twa mezi pou pwoteje ak kreye yon anviwònman ki pi sekirize pou timoun nan New York. Lejislasyon an enkli "Lwa Harper", ki ekzije detayan mèb pou vann dispozitif blokaj ekstremite konpatib pou kèk mèb (S.1627B/A.4421B); yon lòt nouvo lwa ki ekzije sant gadri pou ankre gwo mèb ak elektwomenaje ki ka chavire (S.3563A/A.29A); ak yon entèdiksyon sou lavant bòdi pwoteksyon bèso, ki te resevwa blam pou lanmò ak blesi grav tibebe (S.3788A/A.217A).

"Kòm yon papa, mwen konnen byen anpil ou pa janm fin sousye w de sekirite pitit ou, kèlkeswa laj yo genyen", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mezi sa yo pral ede bay paran lapè nan lespri nan yon moman vital nan lavi pitit yo epi pral ede asire kay yo oubyen sant gadri rete anviwònman ki sekirize ak pwoteje."

### **Lwa Harper (S.1627B/A.4421B)**

"Lwa Harper" klarifye lwa ki ekzistan ki di detayan dwe vann nouvo mèb ki respekte kèk estanda federal oubyen endistri nan sa ki konsène chans pou chavire, sofsi yo ofri alavant dipozitif blokaj ekstremite ki koresponn epi poste yon notifikasyon pou avize konsomatè yo de danje a. Yo te nonmen lwa a anlonè Harper Ayva Fried ki te gen twa ane ki soti nan Monroe, ki te mouri an Novanm 2016 lè yon komòd nan chanm li an te chavire.

Pwojè lwa a ap antre an vigè 90 jou apre li vin lwa.

**Senatè James Skoufis te deklare,** "Aprè plizyè ane reprezantasyon enfatigab, mwen tèmman fyè pou m wè yo pwomilge Lwa Harper nan Eta New York. Mwen te onore pou m te goumen pou pasaj pwojè lwa sa a bò kote manm asanble Zebrowski epi mwen remèsye Gouvènè a paske li siyen pwojè lwa sa a tèmman rapid apre yo te mete li sou

biwo li an. Apre yo te soufri pi gwo nan tout trajedi, timoun New York pral kounye a vin pi sekirize akòz efò dezenterese lafanmi Harper; mwen gen rekonesans san fen pou enpak travay yo pral genyen sou eta nou an".

**Manm Asanble Kenneth Zebrowski te deklare,** "Malerezman, mèb ki chavire reprezante yon danje ak yon reyalite dechiran ki ekziste pou twòp fanmi. Lwa sa a pral ekzije detayan ki vann nouvo mèb pou asire mèb pou mete rad respekte estanda federal oubyen endistri ki enkli yon dispozitif blokaj ekstremite, ki se yon mekanis ki atache yon mèb a yon mi. Sa pral retire mèb danje nan magazen nou yo, pou rann fwaye nou yo pi sekirize pou timoun. Anpil fanmi pa menm konsyan ke mèb yo ka merite oubyen ka pi sekirize ak dispozitif sa a. Mwen fyè paske New York pral vin premye Eta ki ekzije dispozitif blokaj ekstremite pou yo enkli yo nan lavant mèb. Ak lwa sa a anplas, nou ka ede evite trajedi inimajinab sa yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li rekonèt enpòtans lejislasyon sa a epi li te rapidman siyen l vin lwa. Mwen ta renmen tou prezante pi gwo rekonesans mwen bay Lafanmi Fried ki te travay ak mwen pou elabore lwa sa a anlonè pitit fi yo, Harper. Jodi a n ap onore eritaj li lè nou travay pou n evite aksidan trajik sa yo pou yo pa rive nan fiti".

#### **Atache mèb nan yon espas(S.3563A/A.29A)**

Lwa sa a ekzije komòd lou oubyen gwo bwat televizyon rete atache nan sant gadri ak lòt enstalasyon similè atravè eta a.

Pwojè lwa a ap antre an vigè 180 jou apre li vin lwa.

**Senatè José Serrano Jr. te deklare,** "Twòp fanmi te afekte akòz trajedi ki evitab ki enplike jèn timoun ak mèb oubyen elektwomènaje ki chavire. Anmwayèn, chak di jou yon timoun nan Etazini sibi yon aksidan fatal akòz yon televizyon oubyen yon pyès mèb ki tonbe. Lejislasyon Gouvènè Cuomo a te siyen jodi a pral bay paran lapè nan lespri lè li ekzije tout sant gadri nan eta nou an pran prekosyon a ba pri pou atache televizyon ak komòd lou, pou asire pwoteksyon Nouyòkè ki pi jèn ak pi vilnerab nou yo. Mwen onore paske m te pote pwojè lwa sa a nan Sena a, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo, manm asanble Rosenthal, ak kòlèg lejislatif mwen yo pou sipò ak angajman yo pou kenbe timoun nou yo ansekirite".

**Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare,** "Mèb ak elektwomènaje ki pa atache prezante yon danje grav pou jèn timoun ki ka tonbe kont mèb la oubyen eseye monte sou li. Atache mèb se yon solisyon fasil kont yon ris ki danje, epi pafwa fatal. Li komen pou paran pase plizyè èdtan ap sekirize pwòp kay yo pou timoun epi ak nouvo lwa sa a, yo ka atann a menm nivo sekirite nan sant gadri yo".

#### **Bòdi pwoteksyon bèso (S.3788A/A.217A)**

Lwa sa a entèdi lavant kèk bòdi pwoteksyon bèso ki san may epi limite itilizasyon yo nan kèk enstalasyon ak lokal akomodasyon piblik, sofsi yon pwofesyonèl medikal detèmine yon bòdi pwoteksyon medikalman nesèsè pou yon timoun an patikilye.

Pwojè lwa a ap antre an vigè 60 jou apre li vin lwa.

**Senatè David Carlucci te deklare,** "Lejislasyon mwen te parene a pou entèdi bòdi bèso se pou pwoteje timoun yo kont dezòd mòtèl. Nou konnen akseswa sa yo pa sekirize, epoutan yo toujou ofri yo bay paran kòm akseswa gadri ki kowòdone. Mwen remèsye Gouvènè a pou aksyon imedya li pou entèdi lavant yo nan Eta New York epi evite trajedi fiti".

**Manm Asanble Amy Paulin te deklare,** "Pyès paran, fanmi pwòch, oubyen zanmi fanmi pa tap janm entansyonèlman riske blese oubyen lanmò yon tibebe, men se sa kèk nan yo te fè trajikman lè yo itilize bòdi bèso. Ak lwa sa a, nou elimine kèlkeswa malantandi potansyèl ak pwoteje tibebe nou yo".

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)